

DEKLARASYON ENFÒMASYON SOU VAKSEN**Vaksen *Haemophilus influenzae* kategori B (Hib): Sa ou Dwe Konnen**

Many vaccine information statements are available in Haitian Creole and other languages. See www.immunize.org/vis

Genyen plizyè deklarasyon enfòmasyon sou vaksen an ki disponib nan lang panyòl ak lòt lang yo. Gade sou www.immunize.org/vis

1. Poukisa pou pran vaksen?

Vaksen kont Hib lan kapab anpeche ou genyen maladi *Haemophilus influenzae* kategori b (Hib).

Haemophilus influenzae kategori b an kapab lakòz plizyè enfeksyon. Jeneralman enfeksyon sa yo aji sou timoun ki genyen mwen pase senk (5) lane men kapab aji sou granmoun tou ki genyen kèk maldi medikal. Bakteri Hib lan kapab lakòz maladi lejè, tankou enfeksyon nan zòrèy oswa bwonchit, oswa yo kapab lakòz gwo maladi, tankou enfeksyon nan san. Gwo enfeksyon Hib, yo rele tou “maladi Hib enfilte,” mande pou ale lopital pou resevwa tretman epi ki ka lakòz lanmò pafwa.

Avan vaksen Hib lan, maladi Hib lan se bakteri menejit lan ki te bay li lakay timoun ki gen mwens pase senk (5) lane yo nan peyi Etazini. Menejit se yon enfeksyon likid ki nan sèvo ak mwèl epinyè a. Li kapab andomaje sèvo a epi rann moun lan soud.

Enfeksyon Hib lan kapab lakòz tou:

- Nemoni
- Gwo anfleman nan gòj, rann li difisil pou respire
- Enfeksyon nan san, jwenti, zo, ak anvlop kadyak lan
- Lanmò

2. Vaksen kont Hib

Jeneralman yo bay vaksen kont Hib nan twa (3) oswa kat (4) dòz (selon mak lan).

Tibebe yo dwe jeneralman pran premye dòz vaksen kont Hib lan de (2) mwa aprè yo fin fèt epi jeneralman pral konplete li ant 12 –15 mwa.

Timoun ki genyen ant 12 mwa ak senk (5) lane ki pa te gentan pran tout vaksen kont Hib kapab gen bezwen youn (1) oswa plis dòz vaksen Hib.

Timoun ki gen plis pase senk (5) lane ak granmoun yo jeneralman pa resevwa vaksen kont Hib VIS - Haitian Creole (8/6/21)

Hib vaccine, men li ka rekòmande pou timoun ki pi gran oswa granmoun larat yo andomaje oswa yo te retire, tankou moun ki gen maladi anemi falsifòm, avan yon operasyon ki la pou retire larat la, oswa aprè yon grèf mwèl nan zo. Yo rekòmande vaksen kont Hib lan tou pou moun ki gen ant senk (5) jiska 18 lane yo ki gen VIH.

Yo kapab bay Vaksen kont Hib antanke vaksen endepandan, oswa nan kad yon kobinezon vaksen (yon kategori vaksen ki konbine plizyè vaksen nan yon sèl piki).

Yo kapab bay vaksen kont Hib la anmenm tan ak lòt vaksen.

3. Diskite ansanm ak pwofesyonèl swen sante ou an

Di founisè vaksinasyon ou an si moun lan ap pran vaksen an:

- Li te gen yon **reyaksyon alèjik aprè yon ansyen dòz vaksen kont Hib**, oswa genyen nenpòt **alèji ki grav, ki kapab bay lanmò**

Nan kèk ka, pwofesyonèl swen sante timoun ou an kapab deside pou ranvwaye vaksinasyon kont Hib pou yon lòt vizit.

Moun ki genyen maladi minè yo, tankou yon rim, kapab pran vaksen. Moun ki pa twò malad oswa malad anpil yo jeneralman dwe rete tann jiskaske yo geri avan pou yo pran vaksen kont Hib an.

Pwofesyonèl swen sante ou an kapab ba ou plis enfòmasyon.



U.S. Department of Health and Human Services
Centers for Disease Control and Prevention

4. Risk reyaksyon ak yon vaksen

- Reyaksyon alèjik, rechofman ak anflamasyon nan pati kote w te pran piki a epi w kapab genyen lafyèvapre vaksen kont Hib lan.

Pafwa genyen moun ki endispoze aprè pwosedi medikal yo, menm vaksinasyon ladan li. Di pwofesyonèl swen sante ou an sa si w santi w pa byen oswa genyen chanjman nan fason ou wè oswa ou tande brui nan zòrèy ou.

Menm jan ak nenpòt medikaman, genyen yon risk ki fèb anpil pou yon vaksen lakòz gwo reyaksyon alèjik, lòt blesi ki grav, oswa lanmò.

5. Kisa k ap pase si genyen yon pwoblèm ki grav?

Yon reyaksyon alèjik kapab parèt aprè moun ki vaksinen an kite lopital lan. Si w konstate yon reyaksyon alèjik ki grav (itikè, figi ak gòj ki anfle, gen difikilte pou respire, batman kè rapid, vètij, oswa feblès), rele **9-1-1** epi ale ak moun lan nan lopital ki pre a.

Pou lòt siy ki ba ou kèk enkyetid, rele pwofesyonèl swen sante ou an.

Ou dwe deklare reyaksyon efè negatif yo nan Sistèm Notifikasyon Efè Negatif Vaksen yo (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS). Pwofesyonèl swen sante ou an jeneralman pral depoze rapò sa a, oswa ou kapab fè sa a pou kont ou. Vizite sitwèb VAERS lan sou www.vaers.hhs.gov oswa rele nan **1-800-822-7967**. *VAERS sèlman la pou rapòte reyaksyon yo, epi manm ekip VAERS yo pa bay konsèy medikal.*

6. Pwogram Nasyonal Konpansasyon Viktim Vaksen yo (The National Vaccine Injury Compensation Program)

Pwogram Nasyonal Konpansasyon viktim Vaksen yo (National Vaccine Injury Compensation Program, VICP) se yon pwogram federal yo kreye pou bay moun kèk vaksen ba yo pwoblèm rekonpans. Reklamasyon konsènan blesi oswa lanmò vaksen an lakòz genyen yon kantite tan pou fè depo a, ki kapab soumèt nan yon delè de (2) lane. Vizite sitwèb VICP lan sou www.hrsa.gov/vaccinecompensation oswa rele nan **1-800-338-2382** pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram lan epi konsènan fason pou depoze yon reklamasyon.

7. Kijan pou jwenn plis enfòmasyon?

- Mande pwofesyonèl swen sante ou an.
- Rele depatman sante ki nan rejyon ou an oswa eta ou an.
- Vizite sitwèb Administrasyon Mediaman ak Alimantasyon (Food and Drug Administration, FDA) pou fich vaksinasyon ak lòt enfòmasyon sou www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/vaccines.
- Kontakte Sant Kontwòl Maladi ak Prevansyon (Centers for Disease Control and Prevention (CDC):
 - Rele nan **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oswa
 - Vizite sitwèb CDC sou www.cdc.gov/vaccines.

